



# THE COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

## *Department of Industrial Accidents*

Lafayette City Center

2 Avenue de Lafayette

Boston, Massachusetts 02111-1750

KILÈ/KIJAN POU RANPLI FòM REKLAMASYON ANPLWAYE A (FòM 110)

### **KILÈ POU RANPLI FòM REKLAMASYON ANPLWAYE SA**

Fòm Reklamasyon Anplwaye sa fèt pou ranpli depi ou panse ou pap resevwa tout benefis konpansasyon travayè ou fèt pou resevwa. **SÈL** rezon pou ranpli fòm sa se pou mande pou yon **chita tande jidisye** devan yon Jij Administratif pou jwenn konpansasyon travayè.

**Lè ou ap anrejistre fòm sa, fòk ou enkli DOKIMANTASYON KI OBLIGATWA YO, jan Lalwa Mass., 452 CMR 1.07 mande.** Yon lis sa ki obligatwa yo, ak lòt enfòmasyon, disponib sou sit entènèt DIA: [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia). Yo p ap aksepte okenn fòm Reklamasyon Anplwaye si yo anrejistre yo san dokimantasyon obligatwa yo. Sa vle di, ou oblige atache kopi nenpòt ki enfòmasyon ki an relasyon ak andomajman ou sibi nan travay ou, epi kisa andomajman an (oswa andomajman yo) ye. Gen kat (4) etap nan pwosedи pou regle dispit ou an ak Department of Industrial Accident (DIA) [Depatman Aksidan Endistriyèl].

**ETAP #1 – SESYON KONSILYASYON:** Sa a se yon reyinyon ki pa fòmèl ant ou menm ak konpanyi asirans konpanyi ou an. Rezulta konsilyasyon an PAP obligatwa sòf si ou dako avèk yo. Menm lè ou satisfè ke yap peye ou tout sa lalwa egzije, ou KA resevwa yon avi pou ale nan yon konsilyasyon ke ou PAP mande pou li. Sa vle di ke konpanyi asirans lan panse ke l ap peye TWOP e li ta renmen REDWI benefis ou oubyen SISPAN benefis ou yo. Demann konpanyi asirans sa yo rele “Plent pou Redwi oswa Sispenn Konpansasyon.” Yon fwa ankò, konsilyasyon yo PAKA kreye yon chanjman nan montan konpansasyon yo sòf si tou de (2) pati yo dakò.

**ETAP #2 – KONFERANS:** Si yon konsilyatè ta refere ka ou an bay yon Jij Administratif, yap mete yon randevou pou yon KONFERANS. Konferans sa enfòmèl, avèk diskisyon ant pati yo. Si koze a PA rezoud, Jij la pral ba yon lòd tanporè ki pral endike si asirans lan ap oblige peye ou konpansasyon oubyen si li pa oblige peye ou. Si ou pa satisfè ak desizyon jij la ou ka fè yon apèl nan peryòd 14 jou apre dat anrejistreman desizyon an. Konpanyi asirans lan gen dwa tou pou li fè yon apèl.

**ETAP #3 – CHITA TANDE:** Si asirans lan OSWA ou menm ta fè apèl sou ka ou an, li prale nan etap CHITA TANDE an, kote Jij Administratif lan pral fè yon chita tande FÔMEL konsènan tout prèv yo. Chita tande yo kouwè yon jijman regilye, yap rele temwen epi fè yo sèmante ak pran temwanyaj yo pa yon stenograf.

**ETAP # 4 – KOMITE REVIZYON:** Kelkeswa pati ki pedi nan chita tande an ka fe yon APÈL konsènan desizyon Jij Administratif la bay KOMITE REVIZYON an nan peryòd 30 jou. Twa (3) Jij Lwa Administratif pral revize kopi maniskri chita tande an. Yo ka mande pou rezonman oral. Komite Revizyon an Pral chanje ansyen desizyon an SÈLMAN si desizyon an te andeyo otorite Jij Administratif lan, an konfli ak lalwa, oubyen pat gen okenn rezon valab.

## **KIJAN POU RANPLI FÒM 110**

**FÒK OU RANPLI PLIS BWAT KE POSIB NAN FÒM SA KE OU KAPAB. SEPANDAN, SA KI MAKE ANBA YO ENPOTAN AN PATIKILYE POU KE DIA KA KOMANSE PWOSEDI A RAPIDMAN. SI OU TA GEN OKENN KESYON TANPRI RELE BIWO ENFOMASYON AN NAN NIMEWO TELEFON GRATIS LAN (Sèlman nan Mass.) NAN (800) 323-3249, LENDI A VENDREDI 8:00 AM – 5:00 PM.**

**Bwat #1:** Tanpri enprime oswa tape sinyati, prenon, ak inisyal mitan ou nèt.

**Bwat #2:** 9 nimewo sekirite sosyal ou. **Ou pa oblige bay nimewo ou an, men li pral ede DIA kenbe dosye ou apa ak lòt moun ki gen menm non avèk ou.**

**Bwat #3:** Enprime oswa tape nimewo telefòn lakay ou.

**Bwat #4:** Tanpri enprime dat nesans ou.

**Bwat #5:** Tanpri enprime oswa tape valè depandan ou.

**Bwat #6:** Tanpri enprime oswa tape adrès lakay ou OKONPLÈ. Sa a enpòtan paske yo pral voye pa lapòs TOUT avi, lòd ak desizyon konsènan ka ou an nan adrès sa.

**Bwat #7:** Si ou vle, ou ka ba nou adrès imèl ou, mèn yap kontinye voye avi yo pa lapòs.

**Bwat #7a:** Si Angle pa lang natif natal ou, tanpri enprime lang natif natal ou an sèvan ak KOD LANG NATIF NATAL YO ki nan dò fòm lan.

**Bwat #10:** Tanpri enprime oswa tape non bizniz patwòn ou an ak adrès lan. Si konpanyi ou an gen plis ke yon adrès, sèvi ak adrès biwo prensipal lan.

**Bwat 10a:** Tanpri eseye détèminen de KOD ENDISTRIYÈL ki nan dò fòm lan ki kalite biznis patwon ou an. SI ou PA KAPAB, anik enprime oswa tape nimewo 99.

**Bwat #11:** Tanpri enprime oswa tape non konpanyi asirans konpansasyon travayè patwon ou an. (PA non ajan ki van asisrans lan, men non konpanyi ki pral peye ou benefis yo.) Nou paka mete yon randevou pou yon konsilyasyon san enfòmasyon sa. Si patwon ou pa vle ba ou non asirans lan, rele biwo asirans nou nan (617) 626-5481 oubyen (617) 626-5480.

**Bwat #12:** Tanpri enprime oswa tape dat premye jou ou panse ou andomaje nan travay la oubyen ou vin malad akòz yon maladi ki gen pou woue ak travay la. Sèvi ak dat ou resevwa swen medikal oubyen denye jou ou te travay si ou pa si de dat la egzakteman.

**Bwat #12a:** Tanpri enprime oswa tape nimewo ka a/nimewo reklamasyon an ke konpanyi konpansyon travayè patwon lan te asosye ak reklamasyon ou an.

**Bwat #13:** Tanpri enprime oswa tape premye jou ke ou pat ka tout salè ou nèt poutèt andomajman ou an oswa maladi ou an.

**Bwat #14:** Tanpri tape senkyèm jou ke ou pat ka touche tout salè ou nèt poutèt andomajman ou an oswa maladi ou an.

**Bwat #17a:** Tanpri enprime oswa tape ki kalite andomajman oswa maladi ou genyen epi ki bò nan kou ou ki afekte akòz andomajman an oswa maladi an de kòd ki make sou dò fòm lan. Petèt ou ap make plis ke yon andomajman oswa maladi (pa egzanmp. –a. 300, b. 310, c. 210), mè kalite andomajman oswa maladi ki make nan a OBLIJE egal ak pati nan kò ki mansyonen nan a, elatriye.

**Bwat #23:** Tanpri cheke benefis ou ap reklame yo ke yo douwè ou daprè Iwa an. Lòt seksyon Iwa an enkli Sek. 30 – Bodwo Medikal; Sek. 28 – Movèz kondwit Delibere Patwon an Willful, avèk Sek. 7 – Penalite ak enterè pou peyman ki anreta.

**Bwat #26:** Tanpri sinyen fòm sa.

**Bwat #27:** Tanpri date fòm sa.

**Bwat #28:** Si ou gen yon avoka, yo ka sinyen la, sinon kite bwat sa vid.

#### **KISA POU FÈ AK FÒM REKLAMASYON SA**

Fòk ou fè 2 fotokopi fòm sa. Voye orijinal lan pa lapòs nan:

**Department of Industrial Accidents – Dept. 110  
Lafayette City Center  
2 Avenue de Lafayette  
Boston, MA 02114-1750**

Voye yon (1) kopi bay konpanyi asirans lan pa lapòs, enkli ak kopi tout dokiman ki sipote ka a bay DIA. Fòk ou kenbe yon (1) kopi pou dosye pa ou. Ou ka voye yon kopi bay patwon ou, men ou pa oblige voye yon kopi ba yo, sòf si ou ap anrejistre pou doub konpansasyon daprè Sek. 28 (Movèz Kondwit Delibere).

**Daprè 452 CMR 1.07 ou oblige enkli dokiman.** Règleman sa, avèk lòt enfòmasyon, disponib sou sit entènèt DIA lan – [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia)

Lè DIA resevwa fòm ou an, nan kelke sèmen yo pral mete randevou pou yon konsilyasyon. Sesyon sa pral fèt nan biwo depatman an ki nan zòn lakay ou.

Souwete ke ou geri byen vit.

Revize: 10/2019